

# Ranpono

Haitian Creole – English Poetic Translation

<p>[ Yele maoulo! ] <b>Kòn lanbi yo sonnen, Kòk yo poko chante, Solèy poko leve, Travayè yo kanpe!</b></p> <p><b>Ranpono derape! Travayè, an nou met men, An nou pote kole, Travay la kòmanse!</b></p> <p><b>Piti, piti, zwazo fè nich li. Frè mwen yo, sè mwen yo, Pote kole an'n avanse.</b></p> <p><b>Tèt ansanm, an amoni, N'ava rive wè lonbrit foumi. Avèk pèseverans, n'ava wè lonbrit foumi. Chay la soti sou tèt, men li tonbe sou zepòl.</b></p> <p><b>Piti, piti, zwazo fè nich li.</b></p> <p>[ Yele maoulo! ] <b>Pedi tan pa ladan'l. Fò nou travay jodia pou'n rekòlte demen.</b></p> <p><b>Travay lage!</b></p> <p><b>Solèy ape kouche, Travayè yo lage, Travay la byen fini. Ranpono se la vi.</b></p> <p><b>Wi, tout bon vre, Ranpono se la vi! Men anpil chay pa lou.</b></p> <p style="text-align: right;"><i>-Gabriel T. Guillaume Septembre 2015</i></p>	<p><i>{Yele maoulo!} Las caracolas suenan Los gallos aún no cantan, El sol aún no salió, Los trabajadores están de pie!</i></p> <p><i>Ranpono ha empezado! Trabajadores, unamos nuestras manos, Vamos todos juntos, El trabajo ha empezado!</i></p> <p><i>Poco a poco, el pájaro hace su nido.* Hermanos y hermanas, Unámonos, vamos hacia adelante!</i></p> <p><i>Cabeza a cabeza, en armonía, Llegaremos a ver el ombligo de una hormiga. Con perseverancia, veremos el ombligo de una hormiga.* La carga que llevas en tu cabeza recae sobre tus hombros.*</i></p> <p><i>Poco a poco, el pájaro hace su nido.</i></p> <p><i>[Yele maoulo!] Perder el tiempo no es parte del juego. Debemos trabajar hoy para cosechar mañana.</i></p> <p><i>Terminó el trabajo!</i></p> <p><i>El sol se esconde, Los trabajadores vuelven a casa, Un trabajo bien hecho. Ranpono es la vida.</i></p> <p><i>Verdaderamente, Ranpono es la vida! Muchas manos aligeran el trabajo.*</i></p> <p style="text-align: right;"><i>*Proverbios haitianos</i></p>
---	---

**Ranpono:** agrupamiento de campesinos que desarrollan actividades comunitarias tales como preparar el suelo para sembrar, cosechar, construcción de calles y construcción de casas y edificios públicos. También es un momento para compartir y ayudarse mutuamente, todo acompañado por la música adecuada para elevar el entusiasmo de los trabajadores.

Ranpono es parte de un sistema denominado "Konbit" que describe el estilo de vida de los hombres de campo en Haití.

#ranpono